



EVANJELIZASYON
pou ti moun yo



Pibliye Pa: L'École Du Dimanche Et De La Formation Des Disciples International (MEDFDI),
Région de Mésoamérique, Église du Nazaréen
www.MedfdiRessources.MesoamericaRegion.org
discipleship@mesoamericaregion.org

Tradiksyon ak adaptasyon - Dezama Jeudi

Copyright © 2021 - dwa rezeve

ISBN: 978-1-63580-197-2

Yo pèmèt pwodiksyon materyèl sa san objektif kòmèsyal, se sèlman pou utilize nan antrènman disip nan legliz yo.

Tout tèks yo soti nan Bib kreyòl Ayisyen an, (VJ) vèsyon Jerizalèm korije ak pibliye nan lane 1992 pa sosyete bibliik ayisyen, sof si yo endike otreman.

Devlope pa Rafael Serrano

Editris: Monte Cyr

Desen ak dyagram: Slater Designer / Slater Joel Chavez

Fotografaj paj kouveti: Foto de Niños creado por freepik - www.freepik.es

Enprime nan Gwatemala



TAB MATYÉ

Entwodiksyon;	4
1. Enpòtans pou evanjelize ti moun yo	6
2. Karakteristik evanjelizasyon pou ti moun	10
3. Karakteristik lidè ki travay ak ti moun yo	17
4. Estrateji evanjelizasyon pou ti moun yo	24
5. Aprè evanjelizasyon an: Fòmasyon disip pou ti moun yo	42
Bonis: Plan lavi ki pap janm fini an	50

ENTWODIKSYON

Nou pap janm kapab doute sou gwo travay evanjelis yo k'ap mennen moun vin jwenn Jezi ki se Kris la. E poutan, li bon pou nou souliye ke te deja genyen yon seri de aksyon de pi avan evènman evanjelik la ki te déjà kòmanse prepare chemen an, tankou lapriye demann yo devan Bondye pou yon moun, yon envitasyon, yon konsèy, yon bon temwayaj, etc. Fòm apwòch sa yo te kòmanse itilize nan yon jenerasyon pou rive sou yon lòt, jouskaske li rive nan tan ke n'ap viv Jodi a, sa ki lakoz ke kretyen yo vin plis wopaje toujou..

Nou kwè ke bèl travay evanjelizasyon an ap pote plis fwi toujou si nou mete aksan sou sa ki mansyone anlè yo, epi anplis de sa, antan ke legliz, n'ap travay pou ke nou rive atenn li. Manyèl Evanjelizasyon pou ti moun sa ofri kèk konsèy pou ede w nan gwo travay sa ki gen pou wè avèk ti moun yo.

Nan sans sa a, nou tout nou rekonèt ke rezilta travay evanjelizasyon an pa baze sèlman sou efò ke moun kapab fè; paske pi bon efò evanjelik yo pap itil anyen, si nou neglije entèvansyon endispansab Lespri Sen an. Nou dwe note ke evanjelizasyon an se pa sèlman al fè disip; paske si se konsa nou ta konsidere li, nou pa t'ap diferan ke farizyen yo. Travay evanjelizasyon an gen pou wè ak prezante ti fi ak ti gason yo bay Kris la, antan ke moun ki kapab transfòme lavi yo a.

Objektif evanjelizasyon an se pou ede ti moun yo avèk fanmi yo; yon fason pou ke kondisyon lavi yo kapab chanje pa mwayen pouvwa transfòmasyon Jezi ki se Kris la, sa k'ap pote yon kwasans nan legliz la kòm degi.

Depi yon bon bout tan, pami kretyen yo, nou kapab remake ke genyen yon revèy ki eklate sou koze enpòtans evanjelizasyon an. Legliz la se mwayen ke Seyè a Jezi ki se Kris la te chwazi pou akonpli devwa sa. Se poutèt sa ke nou dwe mete tèt nou ansanm epi travay avèk objektif pou ke misyon evanjelistik sa kapab rive nan bout li jan sa dwe fèt la.

Atravè evanjelizasyon ak pwoklamasyon lanmou Jezi ki se Kris la, Pitit Bondye vivan an, antan ke sèl moun ki ofri limanite lavi ki pap janm fini an, pliske nou va wè chanjman an nan lavi ti fi ak ti gason yo. Nou dwe toujou genyen nan tèt nou ke levanjil la se "... pwisans Bondye pou Sali tout moun ki kwè..." (Women 1:16).

Manyèl evanjelizasyon sa se fwi eksperyans ak gwo travay ki fèt avèk ti moun yo. Objektif li se fasilite travay tout moun sa yo ki entere nan misyon evanjelizasyon ti moun yo. Nou swete ke tout sa k'ap gen pou pataje yo ap pote yon gwo sipò pou moun sa yo ki santi yo motive pou pran responsablite sa ki pral yon gwo benediksyon pou legliz Kris la.

**“Bay yon ti moun prensip li dwe swiv,
jouk li mouri, li pap janm bliye l.”
(Pwovèb 22:6)**

01

Enpòtans pou evanjelize ti moun yo

Genyen twa rezon enpòtan pou evanjelize gwoup sa:

- a. Ti fi ak ti gason yo menm jan avèk gran moun yo, yo se moun ki pèdi. Kè yo kontamine avèk peche; epi chemen yo se chemen lanmò. **Se poutèt sa, yo bezwen sove. Bib la di konsa: “tout moun fè peche, epi yo tout vire do bay Bondye” (Women 3:23).**
- b. Kris la te anseye ke ti moun yo enpòtan anpil: **“Se poutèt sa, moun ki va soumèt tèt li devan Bondye, ki va tounen tankou timoun sa a, se li ki va pi grannè nan Peyi Wa ki nan syèl la. Nenpòt moun ki resevwa yon timoun tankou timoun sa a, se mwen menm li resevwa” (Matye 18;4-5).**
- c. Paske anfans lan se yon trè bèl etap kote ke sa ki rele imilite a ap manifeste ase pou rekonèt lanmou Bondye epi kwè avèk lafwa. Pawòl Bondye ki: **“Lè sa a, disip yo pwoche bò kote Jezi, yo mande li: Ki moun ki pi grannè nan Peyi Wa ki nan syèl la? Jezi rele yon timoun, li mete l’ nan mitan yo. Li di: Sa m’ap di nou la a, se vre wi: Si nou pa chanje, si nou pa tounen tankou yon timoun piti, nou p’ap janm ka mete pye nou nan Peyi Wa ki nan syèl la” (Matye 18: 1-3).**

A. Ti moun yo enpòtan pou Bondye

Jezi renmen ti fi ak ti gason yo; yo se moun ki enpòtan anpil pou Li. Daprè Mak 10:13-16, Mèt la pat meprize yo; okontrè, li te atire yo vin jwenn Li, epi li te depoze lamèn sou yo, li te beni yo.

Pou kèk moun, nan bouch ti fi ak ti gason yo se sèlman son san rezon ki sòti, anpil fraz ki pa genyen sans ak lide ki pa genyen okenn enpòtans; sepandan, se pa konsa sa ye menm. Lespri yo chak byen ouvè epi bay aksè ak vwa Bondye; yon fason pou ke yo pale avèk Li. Nou dwe raple nou ke Bib la di ke Seyè a koute tout moun ki rele nan pye Li (Jeremi 29:12-13).

Nou dwe aprann sou sansiblite ke ti moun yo genyen pou ke Bondye kapab revele nou plis bagay toujou. Yo pa nan poze kesyon pou yo satisfè rezon yo oubyen konesans ki nan tèt yo sèlman. Jouskaprezan, yo pa fikse kiryozi yo sèlman nan aspè sa; okontrè, yo plis bezwen konnen sa ke yo pat konnen efektivman: emosyon yo, dezi oubyen relasyon yo avèk lòt moun ak espas kote yo rete a. Se poutèt sa a, ti moun yo plis sansib lè pou yo tandè Pawòl Seyè a. Yo kouvri sa ki plis enpòtan ak primè yo, ki se yon felisite total; epi se pa yon bagay materyèl, rasyonèl oubyen ekonomik. Ti moun yo panse epi kwè ke Pawòl Bondye di ak pwomèt la se verite. Kwayans oubyen lafwa yo pa gen limit; men pito li natirèl epi reyèl (Lik 10:21).

B. Enpòtans pou evanjelize ti moun yo

Tout moun kapab jwenn lòt moun evanjelize yo depi lè yo te tou piti, menm si nou panse ke genyen yon laj de responsablite; sa vle di, lè moun nan kapab rekonèt sa ki byen ak sa ki mal nan yon fason ki byen laj, sa ki kapab parèt klè pou konpreyansyon yo lè yo genyen laj senk a onz ane. E poutan, sa se pa yon règ; pliske genyen kèk moun ki temwaye ke yo te deja konnen Seyè a depi nan pi piti laj ke sa nou sot mansyone la yo.

Se poutèt rezon sa, kilès moun ki kapab di kategorikman ke genyen yon laj espesifik pou yon moun pran desizyon pou aksepte Kris? Se yon bagay ki enpòtan anpil pou ke yo prezante levanjil bay ti moun yo depi tou piti. Sepandan, nou dwe fè anpil atansyon; paske nan laj sa a, anpil fwa, ti moun yo konn ale sou lotèl oubyen aksepte Kris la lè gen apèl pou moun pase, malgre nou konnen ke genyen anpil ti moun ki fè sa san ke yo pa rive konprann sa ke y'ap fè a vrèman. Poutèt sa, nou dwe fè anpil atansyon; pou ke nou kapab fè apèl yo nan okazyon ki espesyal yo kòm kanpay evanjelizasyon pou ti moun yo, oubyen nan moman ke nou fè remak ke ti moun yo sansib fas ak mesaj Sali a, san nou pa tonbe nan yon jwèt repetisyon ke y'ap kapab inyore yon lè.

Sèl bagay ke Bondye mande pou li sove nou se yon lafwa ki senp. Li pral gade chak moun selon konesans ak kapasite yo. Nan laj kat lane, Bondye ap byen satisfè avèk repons lafwa yon moun ki genyen kat lane; nan laj wit lane, Bondye pral aksepte yon lafwa yon moun ki nan laj sa. Si se yon gran moun, Bondye ap aksepte lafwa yon gran moun. Si se yon ti moun, Bondye ap aksepte lafwa yon ti moun avèk bon volonte li.


Avèk Sali a nan yon laj ki pi piti, genyen yon kwasans ki eksperimante nan gras la depi byen bone. Lavi kretyèn nan se yon pwosesis, anmezi ke li kòmanse pi bone, se pi plis li grandi toujou. Estatistik yo montre nou bagay enteresan sa yo:

Nan grafik sa, nou kapab obsève ke 86% moun kwayan ki sibi ankèt yo endike ke yo te pran desizyon lafwa yo depi avan yo te gen laj 15 lane. Sa fè nou konprann konbyen li enpòtan pou ke nou pwofite bèl etap sa, tankou jan sa déjà sot mansyone a, yon moun ki posede imilite ki nesèsè ak yon lafwa ki sensè pou konnen Bondye.

EVANJELIZASYON **POR** TI MOUN YO

● Yo konvèti nan
laj 15 ak 30 lane

● Yo konvèti aprè
laj 30 lane



Pou nou mete fen avèk premye chapit sa, nou dwe mansyone evanjelizasyon ti moun yo kòm yon bagay ki byen ijan; pliske pou gwo presyon ke nouvo jenerasyon yo ap sibi, anpil nouvèl ideyoloji ap tante atenn yo. Anplis de sa, kounye a, nou siyale ke genyen yon gran kantite fwaye ki kraze epi ki pa estab, sa ki rann ke reyalyite ti moun yo vin plis difisil toujou. Men, kanta pou nou menm, legliz Kris la, nou genyen mesaj lavi ki pap janm fini an ki nan Jezi ki se Kris la, sa ki yon bagay byen ijan pou l rive jwenn tout ti moun; pliske sa kapab chanje lavi yo, epi ede yo simonte tout kalite eprèv difisil ki kapab prezante devan yo.

02

Karakteristik evanjelizasyon pou ti moun

A. Ki kote nou kapab evanjelize ti moun yo?

Nenpòt ki plas oubyen kote ke Lespri Sen an gide nou al evanjelize kapab bon. Si ti fi oubyen ti gason an sòti nan yon fwaye kretyen, kote ki t'ap pi bon an se lakay li avèk paran ak ti frè ak sè yo, oubyen legliz kote li mache a. Paran yo kapab sèvi kòm pi bon gid pou pitit fi ak pitit gason yo; déjà yo genyen enterè a nan fon kè yo, lanmou, pasyans, enfòmasyon ak kapasite pou w kòmanse enstwi yo nan chemen kretyen an epi, tout sa yo, se toudepann de sa ke lavi yo reflete.

Anpil fwa, Bondye pale avèk ti moun yo atravè sèvis ke menm gran moun yo dirije, kote yo fè apèl sou lotèl yo. Ti moun yo konprann mesaj la, epi yo deside pase al sou lotèl la pou resevwa lavi ki pap janm fini an. Konseye lotèl yo oubyen lidè ministè ti moun legliz lokal la yo dwe ap veye pou si sa rive fèt; yon fason pou apwoche kote yo epi mande yo rezon ki lakoz y'ale sou lotèl la, epi konsa ba yo konsèy ki favorab la.

Genyen anpil aktivite oubyen evènman espesifik ki egziste pou evanjelize ti moun yo. Sa yo kapab reyalize nan kèk plas piblik, nan lekòl yo, nan fwaye ak nenpòt ki lòt kote ki bay opòtinite pou pale ak moun de Jezi ki se Kris la. Nou kapab di tou ke, moman lekòl dominical la se pi bon tan ke nou kapab pwofite evanjelize ti moun yo. Sa yo se bon tè ki pou resevwa semans levanjil la. Konsa, si monitè yo prete atansyon epi toujou ap swiv elèv li yo; Seyè a kapab itilize yo, epi yo kapab pwofite opòtinite ki prezante devan yo a kòrèkteman.

B. Kilès moun ki kapab evanjelize ti moun yo?

Youn nan anpil kondisyon pou evanjelize ti moun yo se etabli yon apwòch kominikasyon ak konfyans avèk yo. Lòt aspè ki enpòtan se byen konn Pawòl la; sa vle di, familiarize avèk pasaj bibliik ki gen

pou wè avèk evanjelizasyon yo, pandan ke n'ap itilize yon vokabilè ki senp pou yo kapab konprann mesaj Sali nan Jezi ki se Kris la avèk plis fasilite. Yon aspè ki byen enpòtan, se genyen apèl ak lanmou pou ministè evanjelizasyon, epi espesyalman pou ti moun yo.

Monitè lekòl dominikal yo ak manm nan fanmi ti moun yo, pou pozisyon oubyen relasyon yo avèk ti gwoup sa, yo vin tounen enstriman ki pi byen plase pou fè ti moun sa yo apwoche vin jwenn Kris la. Chak semèn, nan chak reyinyon oubyen klas, fòk genyen echanj yon fason pou youn kapab konnen lòt pi byen toujou. Pou rezon sa, lidè ministè ti moun yo legliz lokal ak paran yo dwe sansib fas ak nesesityèl espirityèl ti moun piti yo.

Menm si genyen anpil moun k'ap travay avèk ti moun yo espesifikman, tankou monitè lekòl dominikal yo, evanjelis yo, antrenè disip yo, payas kretyen yo, etc.; nan sikonstans espesyal yo, nenpòt moun ki genyen matirite nan lafwa kapab mennen ti moun yo nan pye Kris la, deja, responsablite sa se pou tout kwayan yo.

C. Kòman pou nou gide ti moun yo vin jwenn Kris la?



Sou pwen sa a, n'ap prezante tout etap ke nou dwe swiv pou nou gide ti moun yo vini jwenn Kris la; konsiderasyon ki nesèsè pou reyalize yo efektivman; ak plizyè lòt pwen ki enpòtan.

1. Byen konnen Pawòl ki nesèsè yo

Jan sa déjà endike anlè a, li enpòtan pou moun k'ap evanjelize a byen konn Pawòl la. Pou pi piti, genyen yon ansanm de vèsè ke l'ap bezwen etidye depi davans pou ke li byen konnen plan delivrans Bondye a, ak Jezi. Nou rekòmande pou ou make vèsè sa yo nan Bib ou a avèk yon koulè espesyal; epi mete yon tan konsiderab apa pou priye epi/ oubyen etidye pasaj bibliik sa yo ke n'ap prezante answit.

Kilès moun ki bezwen sove?

(1) "...Nanpwen moun ki gen rezon devan Bondye. Non, pa menm yon grenn" (Women 3:10).

(2) “Tout moun fè peche; yo tout vire do bay Bondye ki gen pouvwa a” (Women 3:23).

Kilès moun ki kapab sove?

(1) “...Men ti mouton Bondye a k’ap wete peche moun sou tout latè” (Jan 1:29).

(2) “Sa se yon pawòl ki vre, pawòl tout moun te dwe kwè: Jezikri te vini sou latè pou delivre moun k’ap fè peche. Mwen menm, mwen pi mal pase yo tout” (1 Timote 1:15).

Kòman Kris la sove moun?

(1) “Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p’ap pedi lavi yo. Okontrè y’a gen lavi ki p’ap janm fini an” (Jan 3:16).

(2) “Sou pwèn sa a, Bondye moutre nou jan li renmen nou anpil; paske nou t’ap fè peche toujou lè Kris la mouri pou nou” (Women 5:8).

(3) “Kris la te pote peche nou yo nan kò li sou bwa a, pou nou te kapab mouri annegad peche, pou nou te ka viv dwat devan Bondye. Li te kite yo maltrete l’ pou l’ te ka geri nou” (1 Pyè 2:24).

Kisa nou dwe fè pou nou sove?

(1) “Men, sa ki te resevwa l’ yo, sa ki te kwè nan li yo, li ba yo pouvwa tounen pitit Bondye” (Jan 1:12).

(2) “...Mete konfyans ou nan Seyè Jezi, epi wava delivre, ou menm ansanm ak tout fanmi ou” (Travay 16:31).

Kisa ki pase lè nou mete konfyans nou nan Kris la?

(1) “Si Pitit Bondye a ban nou libète, n’a lib tout bon” (Jan 8:36).

(2) “Si yon moun ap viv nan Kris la, li vin yon lòt moun. Bagay lontan yo disparèt, se lòt bagay nèn ki pran plas yo koulye a” (2 Korentyen 5:17).

Kisa nou pral fè lè ke nou fin resevwa lavi ki pap janm fini an kòm kado?

(1) “Renmèt kòz ou nan men Seyè a! Mete konfyans ou nan li, l’a ede ou” (Sòm 37:5).

(2) “Tou sa n’ap fè, tou sa n’ap di, fè l’ nan non Seyè Jezi a, san nou pa janm bliye di Bondye mèsi nan li” (Kolosyen 3:17).

Ki obligasyon nou genyen fas ak lòt moun yo?

(1) “Men, lè Sentespri a va desann sou nou, n’a resevwa yon pouvwa. Lè sa a, n’a sèvi m’ temwen nan Jerizalèm, nan tout peyi Jide ak nan tout peyi Samari, jouk nan dènye bout latè” (Travay 1:8).

(2) “Se konsa li moutre nou pou nou viv pandan n’ap tann benediksyon li te pwomèt nou yo, lè bèl pouvwa Jezikri, Bondye nou ak Delivrans nou, va parèt” (Tit 2:13).

2. Bagay ke nou dwe konsidere nan lè n’ap fè envitasyon an

Lè n’ap prezante mesaj levanjil la, nou dwe konsidere rekòmandasyon sa yo:

- a. Nou dwe sansib fas ak vwa Lespri Sen an.** Se li menm sèl ki kapab konvenk yon moun sou nesite li genyen pou li aksepte Sovè a (Jan 16:7-8). Se poutèt sa, pa tante kreye yon lespri kilpabilite nan ti moun yo.
- b. Fè yon plan aksyon.** Planifye ansanm avèk ekip de travay ministè ti moun sa ke w pral fè lè ti moun yo reponn ak envitasyon an. Si li posib, prepare yon sipòtè ki pou travay avèk ti moun sa yo ki pa reponn ak envitasyon an afimativman, pandan ke w’ap priye avèk sa yo ki aksepte Seyè a Jezi ki se Kris la.
- c. Itilize pawòl oubyen ekspresyon ke ti moun yo kapab konprann.** Pa egzanp, si w itilize mo peche, eksplike ke yo se “bagay ki mal yo oubyen move aksyon yo”, epi bay plizyè egzanp sou sa (manti, pran poul nan yon egzamen, dezobeyi paran yo, etc.).

d. Kite yon tan disponib pou ke Sentespri a pale avèk ti moun yo. Se pa pawòl nou yo antanke lòm ki pral pale andedan kè yon moun; men pito se atravè Lespri Sen an. Konsa, mete konfyans nan Li; epi piga w pwolonje envitasyon an nan ka kote ke okenn ti moun pa ta reponn ak envitasyon an afimativman.

3. Baz bibliik pou fè envitasyon an

Genyen yon bon kantite pasaj bibliik ke nou kapab itilize pou fè envitasyon an epi montre etap pou swiv pou aksepte Kris antan ke Sovè li. Youn nan pasaj bibliik sa yo se Jan 3:16. Answit, nou pral ofri yon brèf eksplikasyon ki kapab itilize pou prezante plan Sali a bay ti moun yo.

Jan 3:16	Eksplikasyon brèf pou ti moun yo
“Bondye si tèlman renmen lèzòm,”	Sa vle di ke Bondye renmen w, li renmen mwen, li renmen li, etc. Sa vle di ke Bondye renmen tout moun.
“li bay sèl pitit li a pou yo,”	Bondye te voye Jezi, Pitit li a sou latè.
“tout moun ki va mete konfyans yo nan Li,”	Sa fè referans ak tout moun ki mete kwè sensèman ke Jezi te vini nan mond lan, li te mouri epi leve sòti vivan nan lanmò pou bay lavi ki pap janm fini an. Epi ou menm ou kapab youn nan moun sa yo.
“yo pap pèdi lavi yo,”	Sa vle di ke, si w mete konfyans ou nan Jezi epi mande li padon pou tout bagay mal ke w te fè yo; li pap kondane ou.
“okontrè, yo va gen lavi ki pap janm fini an”	Epi sa vle di ke ou pap pèdi lavi ou; okontrè, ou pral viv nan syèl la avèk Bondye pou toutan.

Zye ti moun yo dwe fikse sou Seyè nou an ak Sovè Jezi ki se Kris la. Se nan Li menm sèlman ki genyen lavi ki pap janm fini an (Jan 3:16). Li pa sifi pou nou dekri grande ministè Seyè a; men nou dwe demontre ke Li te mouri pou chak moun. Nan pati sa a, sa mande pou w demontre li kòm yon koze ki byen pèsònèl, dirije a chak ti

fi ak ti gason. Sa vle di ke fòk ou di yo ke Jezi ki se Kris la te peye pinisyon ke yo te merite a pou bagay mal ke yo te fè yo (peche yo).

4. Kòman nou kapab ede ti moun yo priye? Kòman pou nou konprann lapriyè yo?

Lè ke yon ti moun konprann mesaj lavi ki pap janm fini an, epi deside fè lapriyè pou aksepte Kris la kòm Sovè, nou konseye w bagay sa yo:

- a. Si sa posib, pale avèk chak ti moun endividyèlman.
- b. Pèmèt ke yo chak di w rezon ki lakoz yo vle priye a. Petèt li pap chèche Sali a oubyen non. Genyen posiblite tou pou ke se pou yon zanmi ke li vle priye oubyen yon manm nan fanmi li ki malad. Si ti moun nan pa ekprime yon nesosite espiyèl; fè yon lapriyè byen brèf pou li ak demann ke li prezante devan w lan.
- c. Itilize Bib la pou w pèsionalize envitasyon an. Nou konseye w li Jan 3:16 ak 1 Jan 1:9 pandan ke w'ap ajoute non ti moun nan. Si li ekprime yon nesosite espiyèl, prezante li plan delivrans lan. Yon fwa ke w fin eksplike l li, mennen l nan yon moman lapriyè devan Seyè a. Sa kapab yon egzanp, pandan w'ap eksplike l ke se tankou lè w'ap resevwa yon moun oubyen fanmi ke li renmen anpil la. Konsa, si li vle pou ke Seyè a Jezi ki se Kris la rantre nan kè li; ebyen fòk ou di li ke li dwe envite l epi di konsa: “Rantre nan kè mwen Seyè. Vini nan lavi mwen. Mwen aksepte w kòm Sovè mwen”. Li enpòtan pou ke ti moun nan di pawòl sa yo avèk pwòp pawòl li yo, epi avèk plis konpreyansyon ak konviksyon posib:
 - Mande Bondye padon pou move aksyon ke li te komèt yo; epi di l ke li regrèt dèske li te fè yo.
 - Kwè ke Jezi ki se Kris la te mouri pou move zak ke li te komèt yo; epi mete konfyans li nan Seyè a pou ke li kapab vin Sovè li.

Nan pati sa a, nou sigjere w kòm monitè ti moun yo, pou w pa itilize mo “peche”; men pito eksplike sa avèk plizyè egzanp ki pratik, tankou manti, kolè, vòl, etc., jan ke nou sot déjà site li anlè a.

d. Pèmèt ti fi oubyen ti gason an priye. Si li mamote, di l bagay sa yo: “Di Bondye ke w konnen w te fè bagay ki mal. Mande l pou l padone w; epi tou di l konsa ke ou kwè ke Jezi ki se Kris la te mouri pou tout peche w yo, epi ou vle viv fason ki fè Li plezi”.

Lè ke li fin priye, mande li: “Kisa Bondye te fè pou ou?”. Evite poze kesyon ki tou gen repons lan tankou sa: “èske Jezi deja sove w?”. Kite ti fi oubyen ti gason an di sa ki pase a. Si l di ke li te priye, men li pa konnen si Bondye padone li; eksplike l ke Seyè a te padone li; eksplike l ke Seyè a padone li menm si li pa santi anyen. Sa se lafwa!

Si ti fi oubyen ti gason an pa asire; li kapab nesesè pou ke sesyon an refèt ankò, pandan ke w’ap pran tan pou w byen eksplike li lè sa nesesè. Sa kapab konsidere tou kòm yon posiblite pou montre ke ti fi oubyen ti gason an poko pare jouskaprezan. Si se yon bagay konsa, pa fè presyon sou li; paske li ta kapab aksepte pa konpwomi, oubyen pou l fè w plezi.

Chak w’ap priye pou yon ti fi oubyen yon ti gason, di Bondye mèsi dèske li renmen ti moun nan, san gade ki kalite desizyon ke ti moun nan te pran. Epi li te aksepte Seyè a Jezi ki se Kris la, priye pou ke Bondye ede li mete konfyans li nan Li.

Se konsa, ou kapab reyalize ke ti fi oubyen ti gason an konnen sa ki rele peche ak lavi ki pap janm fini an nan Kris la; men li pat janm ko rann li reyèl nan lavi li. Ekspresyon Jan 1:12 la di konsa: “... [Bondye] li te ba yo pouvwa pou yo vin pitit Bondye, li ede nou nan sa. Kwè se resevwa, resevwa se kwè. Sa vle di ke, pou w kwè, fòk gen yon akseptasyon a Kris la nan yon fason ki volontè. Ti fi oubyen ti gason an dwe di (omwen andedan kè li): “Antre andedan kè mwen, Seyè Jezi”; epi li dwe santi ke li bezwen Seyè a. Li nesesè pou ke w di yon bagay pou li di epi endike akseptasyon volontè a nan kè li.

03

Karakteristik lidè ki travay ak ti moun yo

Nou tout sèvitè Bondye yo, nou ekspoze anba zye tout lòt moun yo; epi anpil ladan yo se pa nou y'ap swiv nou byen pwòch. Kòm lidè, nou nan yon vitrin ke yo tout kapab wè. Genyen anpil ti fi ak ti gason ki deside vin kòm lidè yo a; paske li se modèl ki plis pwòch yo sou sa ki gen pou wè avèk swiv Kris la. Se poutèt sa, tout moun ki deside travay avèk ti moun dwe yon kretyen ki genyen bon temwayaj ak konviksyon ki fèm. Answit, nou pral abòde plizyè aspè ki gen pou wè avèk pwèn sa.

A. Zafè moral yo

Menm si zafè sèks la se yon tèm ki toujou byen difisil pou moun abòde; nou dwe mansyone sa ke Manyèl 2017-2021 an di sou Legliz Nazareyen, nan Anèks la, chapit IV (Zafè moral ak sosyal kontanporen yo), nan paragraf 916 la, kote ki pale de Move tretman moun ki san defans yo:

Legliz Nazareyen aboli kesyon move tretman tout kalite moun, nenpòt la oubyen sèks epi fè yon apèl pou ke genyen yon ogmantasyon konsyans piblik sou sa atravè piblikasyon li yo epi pwodwi enfòmasyon edikativ ki apwopriye. Legliz Nazareyen reyafime pozisyon istorik ke moun sa yo k'ap aji anba otorite legliz la entèdi yo yo itilize zak imoralite seksyèl ak anpil lòt fòm move tretman sou moun ki pa gen defans yo.

Lè ke yo plase moun yo nan pozisyon konfyans oubyen otorite, Legliz Nazareyen dwe sèten ke konpòtman moun sa nan tan pase se yon endikatè konfyab pou yon posib

konpòtman nan lavni. Legliz la ap refize bay pozisyon otorite ak moun ki te déjà itilize pozisyon konfyans oubyen otorite pou yo komèt aksyon imoralite seksyèl oubyen move tretman kont moun ki san defans yo, sof si genyen plizyè etap ki apwopriye ki déjà mete an plas pou evite ke yon konpòtman konsa repwodwi ankò. Ekspresyon remò moun sa ki te déjà deklare koupab aksyon sa yo dwe konsidere kòm prèv ki sifi pou elimine afektasyon de ke li ta genyen pou l retounen komèt menm bagay la nan lavni, sof si ekspresyon remò yo yo akonpanye de yon bon chanjman konpòtman pou yon tan ki ase pridan tankou pou endike ke aksyon an pap repete ankò. (2009)

Manyèl Legliz Nazareyen an, 2017-2021. EIA; KPN, 2018, p.317

Pliske legliz nazareyen pa epanye pou l genyen ant kongregasyon an avèk moun pwoblematik yo yo k'ap vle pran avantaj sou ti fi ak ti gason yo nou rekòmande kategorikman pou ke lè n'ap chwazi yon lidè ki pou travay avèk ti moun yo, fòk genyen yon bon evalyasyon ki fèt. Nou swete egzòte lidè ki pral travay avèk ti moun yo pou ke yo fè anpil atansyon nan fason ke y'ap trete ti moun yo. Ti moun sa yo toujou depoze tout konfyans yo nan gran moun yo, epi yo respekte otorite yo san poze okenn kesyon. Pou rezon sa, nou ofri konsèy sa yo:

1. Nan posiblite ki genyen yo, epi pou devlope ministè gason ki kapab sèvi yon modèl pou ti moun yo, nou rekòmande pou ke ni fi ni gason travay ansanm nan ekip moun k'ap dispoze pou fòme ministè ti moun yo.
2. Antan ke lidè, ou dwe yon bon obsèvatè ki la pou veye sou kondwit konpayèl ou yo nan ministè a; epi fè pastè a oubyen nenpòt moun ki siperyè pase w konnen si genyen kèk konpòtman ki sanble pa kòrèk. Ou dwe fè atansyon epi fè bon jijman; piga w fè okenn kòmantè ni kòmanse fè rimè ki pa gen fondman ap kouri (Levitik 19:16; Sòm 101:5; 1 Timote 5:13).

3. Planifye aktivite yo yon fason pou ke toujou genyen plis pase yon gran moun avèk ti moun ki patisipe yo.
4. Lè yon ti moun ekspriye ke kèk lidè te bezwe oubyen karese li nan yon fason ki pa kòrèk, ou mèt kwè sa ke li di w la epi menm kote a, pale avèk direktè ministè a epi/oubyen avèk pastè oubyen pastore la. Pa janm pale koze a avèk lòt moun. Aji nan menm fason an, si yon ti moun denonse plizyè konpòtman abizif ke li sibi nan men paran oubyen manm nan fanmi l yo.
5. Si ti moun yo bezwen èd pou yo ale nan twalèt la; nou rekòmande pou ke se yon fi ki mennen ti fi yo, epi yon gason dwe mennen ti gason yo.
6. Moun ki akonpanye ti gason an dwe fè lòt gran moun konnen kote l'ap ye; epi li dwe retounen avèk ti fi oubyen ti gason an nan salon aktivite yo pi vit ke posib.

Avèk règ sa yo, nou pa vle kreye okenn mank de konfyans anvè lidè yo. Nou sèlman vle bay règ pou ke tout moun kapab aplike yo menm jan. Nan fason sa, pap genyen okenn sitiasyon pou ke genyen aksyon ki pa kòrèk yo rive.

Nou se yon legliz sentete, epi nou pa dwe kite anyen sal imaj nou; déjà ke sa t'ap sal imaj Kris la. Si antite ki nan mond yo pran swen ti moun piti yo; alevwa pou nou menm, antan ke legliz Seyè a.

(Ou ka telechaje yon politik pwoteksyon ki plis vas nan: <http://www.mesoamericaregion.org/fr/package/regleman-pou-pwoteksyon-ti-fi-ti-gason-adolesan-ak-moun-ki-gen-andikap>)

B. Lidè ti moun yo dwe yon disip Seyè a

Lidè a dwe yon disip Kris pou ke li kapab wè seyè a menm kapab ede li vin gen plis kapasite chak jou. Nan fason sa, l'ap yon bon modèl ki vizib pou ti moun yo; epi li kapab montre Mèt tout lòt mèt yo avèk pwòp lavi pa li. Lik 6;40 di; “Yon elèv pa pifò pase mèt li; men yon elèv ki fini nèt, l'ap fò tankou mèt li.”

San gade si lidè a jèn anpil. Li dwe yon modèl pou tout lòt kwayan yo; lefèt ke li se yon jèn, sa pa yon eskiz ki pou fè li pa batay pou li genyen yon bon temwayaj nan lavi kretyèn li. Nou dwe sonje enstriksyon ke apot Pòl te bay Timote, yon jèn lidè: “Pa kite pesonn pase ou nan betiz paske ou twò jenn. Men, se pou ou tounen yon egzanp pou moun ki kwè yo, nan jan ou pale, nan jan ou mennen tèt ou, nan jan ou gen renmen, nan jan ou gen konfyans, nan jan w’ap mennen yon lavi ki dakò ak volonte Bondye” (1 Timote 4:12). Se konsa, li enpòtan pou ke lidè a pa genyen santiman de siperyorite fas avèk lòt moun yo. Okontrè, lidè a dwe rekonesan anvè mizèrikòd Bondye, avèk benediksyon li ban nou pou ke nou sèvi li epi sèvi antan ke enstriman pa Li. An konklizyon, lidè a dwe ranpli ak Lespri Sen an pou ke Bondye manifeste atravè li menm.

Moun ki vle mete lavi li apa pou bèl ministè evanjelizasyon pou ti moun yo dwe prepare li kòrèkteman. Ou pa dwe janm mete nan tèt ou ke sa se yon ministè banal. Preparasyon w lan dwe kòmanse depi nan fon kè a. Moun nan dwe sèten konplètman sou pwòp lavi ki pap janm fini li ki rive sèlman pa mwayen lagras, atravè lafwa. Ou dwe fè efò pou w genyen yon kè ki pwòp chak jou atravè konfesyon dirab w’ap fè pou tout fot ke w komèt yo. Epi si Seyè a fè w wè ke w te fè fot nan yon bagay; ou dwe fè byen vit pou w repanti epi fè sa avèk tout kè ou. Bondye nou an sen; epi nou menm, pitit fi ak pitit gason li yo, nou te aple pou nou viv nan sentete (1 Pyè 1:15).

Se menm jan an tou, lidè a dwe kwè nan Sali ti moun yo avèk tout asirans; epi toujou mande Bondye pou l ba w yon santiman enkyetid ki sòti nan syèl, anvè ti mouton yo pou yo ke Kris la te mouri, yon fason pou ke byen vit yo kapab kondwi pou rive al jwenn bon Bèje yo a.

C. Pwofil lidè k’ap travay avèk ti moun yo

Sa yo se prensipal karakteristik jeneral karaktè ak /oubyen pèsonalite lidè k’ap travay avèk ti moun yo:

1. Yon lavi sentete ak konvèsyon konplèt.

2. Yon mantalite de sèvis ak remisyon nan travay Seyè a nan mitan ti moun yo.
3. Gwo anvè pou prezante levanjil wayòm Bondye a bay ti moun yo.
4. Sansiblite, pasyans ak tandrès pou abòde ti fi ak ti gason yo.
5. Pèsonalite estab epi solid, adaptab ak sikonstans yo.
6. Yon gwo grad pèsèverans pou travay avèk ti moun yo.
7. Sansib pou detekte nesèsite esprityèl ti moun yo, pou afeksyon oubyen materyèl ti moun yo.
8. Kapasite pou etabli ak konsève relasyon entèpèsonèl yo.
9. Bon aranjanman pèsonèl.

D. Lavi devosyonèl lidè k'ap travay avèk ti moun yo

1. **Eksperyans konvèsyon pèsonèl.** Pwoklamasyon levanjil la genyen kòm objektif prensipal, konvèsyon gason avèk fanm pou yon lavi ki tou nèf nan Jezi ki se Kris la. Apati de la, nou kapab di ke pèsòn moun pa kapab evanjelize yon lòt si premyèman li pa fè eksperyans lan nan lavi li, sa ki se yon konvèsyon ki sètifye.
2. **Yon rechèch lavi ki ranpli avèk Sentespri a kòm yon bagay ki dirab.** Lè yon moun posede Sentespri a, li santi li gen sekirite, konfyans ak nesèsite pou pale Pawòl Bondye a ak tout moun. Nou pa dwe bliye lè Seyè nou an Jezi ki se Kris la te di: “Men, lè Sentespri a va desann sou nou, n’a resevwa yon pouvwa. Lè sa a, n’a sèvi m’ temwen nan Jerizalèm, nan tout peyi Jide ak nan tout peyi Samari, jouk nan dènnye bout latè” (Travay 1: 8).
3. **Lapriyè avèk jèn.** Disiplin esprityèl sa yo se enstriman ki fò anpil pou egzèse yon ministè avèk siksè; epi nan yon fason ki espesifik, nan ka pa nou an, pou evanjelize epi /oubyen fè fòmasyon disip pou ti moun yo (Travay 13:2-3).

4. Konesans ak etid bibliik davans. Pèsòn moun pa kapab bay sa ke li pa posede. Se menm jan pou yon moun evanjelize avèk efikasite, sa mande pou l genyen yon konesans ki rezone sou Bib la. Panse avèk sa: Kòman yon moun pral kapab preche levanjil la, si depi davans li pat konprann li dapre limyè Pawòl Bondye a? Se la ke enpòtans pou nou li Bib la pran nesans, epi byen konnen l pou ke aprè, nou kapab transmèt li avèk fidelite (1 Pyè 3:15). Kòm yon bagay ki konplèmantè, li bon pou ke nou repase definisyon ki ekri nan Efezyen 6:10-20. Nou dwe toujou pare pou lè ke Satan lanse atak li yo (v.13 VLS).

E. Sa ke lidè k'ap travay avèk ti moun yo dwe evite:

1. Sispann priye ak etidye Bib la.
2. Pèmèt ke kòlè a domine sou li.
3. Rive nan aktivite ki pwograme yo byen ta.
4. Pase lafwa ti moun yo nan betiz.
5. Pwolonje dyalòg la twòp nan prezantasyon levanjil la; oubyen eseye konvenk ti moun yo pou yo mete konfyans yo nan efò lèzòm.
6. Antre nan polemik.
7. Dekouraje, si li “pa fè siksè” lè l prezante mesaj levanjil la. Se pou Bondye travay la ye, epi nou menm nou se enstriman Li. Si pa genyen okenn ti moun ki deside aksepte Jezi ki se Kris la kòm Sovè ak Seyè; pa dekouraje. Sa pa vle di ke efò w yo anven. Kontinye avanse.
8. Bay move kòmantè yo valè.
9. Pa sispann asiste aktivite ki pwograme yo san fè konn sa depi davans.

F. Sa ki dwe toujou prewokipe lidè k'ap travay ak ti moun yo:

1. Mande enfòmasyon sou kontèks zòn kote w pral prezante mesaj levanjil la (reyalite ti moun yo, bezwen yo, plas kote evènman pral fèt la, resous n'ap bezwen itilize yo, etc.).
2. Rekonèt epi aksepte limitasyon ki pral prezante yo.
3. Prepare mesaj evanjelistik la depi davans.
4. Pote materyèl w'ap bezwen pou prezantasyon mesaj Pawòl Bondye a.
5. Toujou pote Bib ou a.
6. Pale avèk ti moun yo avèk lanmou; toujou demontre sa atravè konpòtman ou ak bon vokabilè.
7. Pote feyè evanjelizasyon ki gen pou wè avèk laj ti moun yo.
8. Montre angouman w genyen pou Pawòl Bondye a.
9. Koute ti moun yo avèk anpil atansyon.
10. Di yo mèsi dèske yo resevwa w; epi di yo orevwa avèk anpil tandrès.

G. Fòmasyon lidè k'ap travay ak ti moun yo

San dout, se Bondye ki fè apèl avèk moun ki pou travay avèk ti moun yo. Li mete anvì ki cho nan kè moun yo pou ke yo sèvi li nan domèn sa. Mete ansanm avèk sa, nou jwenn responsablite ke lidè a genyen pou l prepare li selon posiblite li yo. Konsa, nan moman ke n'ap viv la, denominasyon nou an ak lòt enstitisyon eklezyastik yo ofri plizyè kalite pwogram dirèk oubyen sou entènèt pou fòme lidè k'ap travay avèk ti moun yo, pandan n'ap ofri yo zouti ak konesans ki gen pou wè avèk ministè yo a. Pou pwofite yo avèk efikasite, nou konseye pou ke lidè a, avèk sipò lòt lidè ki plis gen eksperyans yo, toujou prepare yo pi plis toujou.

04

Estrateji evanjelizasyon pou ti moun yo

A. Nan lekòl dominikal, selil oubyen etid biblik

Lekòl dominikal, selil oubyen etid biblik yo se moman espesyal pou evanjelizasyon an; paske rankont avèk chak ti moun yo kapab fèt chak semèn. Pou rezon sa a, li bon pou ke nou konsidere konsèy sa yo:

1. Drese yon lis ki dwe genyen tout enfòmasyon pèsònèl sou ti moun ki aksepte Kris kòm Sovè ak Seyè yo.
2. Drese yon lòt lis pou w anrejistre enfòmasyon pèsònèl nouvo kontak kèk ti moun ke w'ap kapab envite nan okazyon espesyal yo (selebrasyon Jounen Ti moun, Pak, etc.).
3. Oganize yon reyinyon espesyal avèk ti moun yo. Sa pral pèmèt ou konnen sitiyasyon espirityèl ak nesosite yo; pou w kapab ofri yo sipò lè ke sa nesèsè.
4. Oganize plizyè sèvis evanjelizasyon avèk ti moun yo, kote ke ti moun yo ap kapab kolabore ak tout monitè yo tou.
5. Bay ti moun yo fòmasyon sou evanjelizasyon pèsònèl.
6. Ofri ansèyman doktrin biblik pou ti moun yo. Sa ap prepare kè yo pou yo resevwa semans levanjil la.

B. Evanjelizasyon pèsònèl

Evanjelizasyon pèsònèl la se youn nan fòm ki plis dinamik yo. Se poutèt sa ke, metòd evanjelistik ki dwe aplike a fèt pou l enteresan, epi li dwe genyen karakteristik sa yo:

1. **Enteresan:** li dwe atire atansyon byen vit nan montre Jezi kòm Sovè pèsònèl.
2. **Senp:** ou dwe prezante levanjil la nan yon nivo pou ke ti moun yo kapab konprann.

3. **Brèf:** ou dwe prezante tout plan Sali a sòti nan de pou rive nan senk minit. Li enpòtan anpil pou w mete règ 1 x 1 an pratik (yon minit leson/predikasyon pou ane ti moun nan).
4. **Vizyèl (ilistre):** li dwe yon metòd ki varye sou senk sans yo, espesyalman zye avèk zòrèy. Konsa, ou dwe konsidere itilizasyon koulè yo ak imaj ki bay mesaj levanjil la klè kote ti moun yo kapab wè li.
5. **Aktif:** ou dwe ankouraje patisipasyon ti moun yo toutan pandan tout peryòd prezantasyon an.
6. **Planifye, òganize epi prepare:** li dwe bibliik epi konplèt; sa vle di ke li dwe genyen de eleman andedan li:
 - Yon sistèm envitasyon ti moun yo pou ti moun yo (Plan Gran Frè a: chak ti fi ak ti gason dwe priye epi envite zanmi yo)
 - Yon plan konsèvasyon imedyat sou rezilta (fòmasyon disip pou ti moun ki apèn konvèti yo).

C. Metòd evanjelistik pou evanjelizasyon pèsònèl

Answit, nou pral prezante kèk egzanp sou metòd evanjelizasyon pèsònèl yo pou ke yon gran moun pataje levanjil avèk yon ti fi oubyen yon ti gason nan legliz la; yon fason pou ke yo menm tou yo kapab evanjelize lòt ti moun yo pandan ke y'ap itilize depi nan kapasite ke Seyè a ba yo a.

1. “Egzamen pou zye”

Materyèl yo:

- Ed vizyèl yo: senk kat ki genyen koulè diferan ak desen oswa ilistrasyon, ak yon mo oswa yon fraz.
 - ◇ *Vèt* (ak desen mond lan, mo - **kreyasyon**)
 - ◇ *Gri bwen* (ak yon kè sal oswa tache ki pa ka antre nan syèl la, mo - **peche**. Ou ka gen mo ki dekrive peche tou, tankou bay manti, kopye, vòlò, elatriye)

- ◇ *Wòuj* (avèk yon ilustrasyon sou kwa a ki reprezante lanmò Jezi ki se Kris la; mo – **Jezi ki se Kris la**)
 - ◇ *Blan* (ak yon kè pwòp, apre moun nan mande Bondye padon; mo - **pwòpte kè**)
 - ◇ *Lò oswa jòn* (avèk yon foto syèl la, fèt pou tout moun ki aksepte Jezi ki se Kris la kòm Sovè yo; mo - **syèl**)
- Yon sèl moso fisèl ki byen long

Etap:

- a. Mande timoun nan bagay sa yo ke w’ap pataje levanjil la avèk: “Èske ou janm fè tès je a? Li gratis, li pa fè mal, epi sa mande sèlman kèk minit”.
- b. Lè sa a, sèvi ak fisèl la pou mezire yon mèt soti kote ti moun nan rive kote ou pral kenbe grafik yo sou bwat katon an; epi aprè sa a, kòmanse egzamen je a.
- c. Kòmanse pandan w’ap montre yo koulè vèt la “Mond lan” kat la epi mande: “Ki koulè sa ye?” Lè ti moun nan fin reponn, li



enpòtan pou ankouraje li lè li di: “kòrèk, trè byen; Ou gen trè bon vizyon! “ Nan ka li reponn mal, ede l ‘repete non koulè ki kòrèk la. Sonje ke objektif la se anseye l levanjil Jezi ki se Kris la. Lè sa a, kontinye dyalòg la nan fason sa a: “Ak ki sa foto sa sanble? (Repons: mond lan) kòrèk! Koulye a, ou ka li mo ki isit la? (Repons: kreyasyon) Ekselan! Èske w te konnen ke Bondye te kreye mond lan, epi renmen tout moun, ki genyen ladan, ou menm tou, anpil pa vre?”

- d. Menm sekans lan nan kesyon aplike nan lòt kat èd vizyèl yo, mande pou koulè a, mo a, epi lè sa a, eksplike yon ti kras sou levanjil la:
- Gri (kè tache; mo: peche, manti, kopye, elatriye). Bib la di ke nou chak te fè move bagay. Yon lòt mo pou move bagay sa yo se “peche.” Peche fè kè nou sal e li fè Bondye tris anpil.
 - Wouj (kwa ki reprezante lanmò Kris la; mo: Jezi). Eksplike kijan Bondye te voye Jezi vin souffri epi mouri sou kwa a pou peche nou yo.
 - Blan (pwòp, kè blan; fraz: kè pwòp); Eksplike kijan Jezi vle padone nou pou move bagay nou fè yo, epi ban nou yon kè ki pwòp.
 - Lò oswa jòn (syèl la; mo: syèl). Tout moun ki gen yon kè pwòp paske yo te padonnen pa Jezi prale nan syèl la yon jou, yo va ansanm avèk Jezi ki se Kris la.
- e. Apre sa, di: “Vizyon ou bon anpil, men akoz move bagay ou fè yo, kè ou sal, se pa vre? Èske ou ta renmen mande Jezi padonnen ou epi netwaye kè ou kounye a? Si se konsa, mwen byen kontan ede ou”. Mennen ti moun nan nan yon priyè sensè ak lafwa tankou sa ki annapre yo: “Seyè Jezi, mwen regrèt pou move bagay mwen te fè yo epi mwen mande ou padonnen mwen. Tanpri, ban m ‘yon kè pwòp pou viv jan ou vle m’ viv la, epi yon jou, pou w kapab ale nan syèl la pou w rete avèk li pou tout tan.”

f. Apre priyè a, felisite ti moun nan pou desizyon yo pran epi pran nòt sou detay pèsònèl yo (non, adrès, nimewo telefòn, laj, elatriye). Si paran ti moun nan se kretyen, asire w ke ou fè ti moun nan di sa. Epi nan lespas 24 èdtan apre konvèsyon yo, kontakte yo pou ankouraje yo epi fikse yon lè pou kòmanse premye leson disip yo (Leson 1, Zanmi Jezi yo, ki disponib nan www.SdmiResources.MesoamericaRegion.org)

2. “Dyalòg avèk separètè yo”

Materyèl yo:

- Bib
- Ed vizyèl yo: senk separètè avèk desen ki gen pou wè avèk vèsè ak verite pou anseye a.
 - ◇ Separètè avèk desen yon kè
 - ◇ Separètè avèk desen yon vizaj ki atriste
 - ◇ Separètè avèk desen yon kwa
 - ◇ Separètè avèk desen yon nyaj blan
 - ◇ Separètè avèk yon vizaj ki gen lajwa


Etap:

Ankouraje kòmansman konvèsasyon an pandan w’ap montre desen separètè yo. Answit, prezante mesaj evanjelistik la nan fason sa:

- a. Pandan w’ap montre separètè ki genyen yon kè a, (eksplike konsa: “Bondye renmen w. Li vle pou w viv pou toutan ak kè kontan” (Jan 3:16). Ou kapab modifiye vèsè a pandan w’ap ranplase ekspresyon yo “mond” ak “tout moun” pa non ti moun nan.
- b. Answit, prezante dezyèm separètè ki genyen yon vizaj atriste a; epi di konsa: “Men ou menm, ou pa kapab fè kè w kontan, epi viv pou toutan, akoz de peche a”. Li Women 3:23, epi modifiye pandan w’ap ranplase mo “tout” pa non ti fi oubyen ti gason an; epi tou eksplike ke peche a se dezobeyi Bondye

- pandan w'ap fè sa ki mal tankou bay manti, pran poul nan yon egzamen, vòlò, etc. Ou kapab kite ti moun nan ede w ajoute plis egzanp sou peche a.
- c. Nan twazyèm pozisyon, montre separatè ki genyen yon kwa; epi eksplike: “Ou menm, ou pap kapab fè anyen pou w jwenn ak Bondye; men Jezi te mouri sou yon kwa yon jou, epi se sèl Li menm ki kapab retire peche w la epi mennen w bay Bondye, menm jan li te fè sa pou mwen”. Li Women 5:8, epi eksplike kòman Jezi te mouri pou li sou yon kwa; epi avèk san li, li kapab lave peche oubyen move bagay sa yo ki anpeche li rive jwenn Bondye.
 - d. Aprè sa, prezante separatè ki genyen yon nyaj blan; epi fè envitasyon pou repantans, epi aksepte Kris kòm Sovè. Nan pati sa a, nou kapab di: “Kè w konsève tout bagay ki mal ke w te komèt pandan tout tan sa yo. Bondye ki wè w epi konnen w, li vle pou w pa menm jan ankò. Si w vle, ou kapab mande li padon pou peche w yo. Jezi te déjà bay lavi li pou ou; epi nan moman sa, li kapab lave tout peche sa yo pou ou, epi rann lavi w vin pwòp epi bèl menm jan ak nyaj blan sa”. Li 1 Jan 1:9, epi mande: “Eske w vle fè li? M'ap ede w.” Gide ti moun nan fè yon lapriyè konfesyon pou peche epi mande pou Kris la rantre nan kè li.
 - e. Nan katriyèm pozisyon, montre separatè ki genyen yon vizaj kè kontan an; epi asire ti moun nan ke lè ke li envite Kris rantre nan kè li a, Li déjà rantre tout bon vre. Apati de la, Bondye ap toujou ansanm avèk li, epi toujou akonpanye li. Pandan w'ap modifye Revelasyon 3:20, kapab di: Mwen menm Jezi, men m'ap rele nan pòt lavi ou avèk kè ou. Si w tandè vwa mwen epi ou ouvri pòt kè w, m'ap rantre kote w epi manje avèk ou; sa vle di ke n'ap rete ansanm. Ou te envite Jezi nan, pou ou kapab asire ke li te antre nan e kounye a, se nan kè ou.”
 - f. Pou fini, avèk yon bèl souri sou lèw ou, di ti moun nan ke li kapab kòmanse viv yon lavi ki diferan. Pou ke sa kapab posib, li

enpòtan pou l li Bib la pou l kapab konnen plis bagay osijè de nouvo zanmi l lan ki se Jezi; pou l priye mande Bondye sekou chak jou; pou l fè efò pou l kapab vin pi bon ti moun chak jou nan fwaye ak nan lekòl la; pou l asiste reyinyon k'ap fèt nan legliz yo yon fason pou l kapab konnen plis moun ki kwè epi kapab grandi nan relasyon yo avèk fanmi Bondye a; epi fè lòt moun konnen ke Bondye te voye Jezi pou sove mond lan. (Koulye a, kòmanse leson fòmasyon disip avèk yo, pandan w'ap kòmanse ak Leson nimewo 1, Zanmi Jezi yo, ki disponib pou telechaje gratis nan: www.SdmiResources.MesoamericaRegion.org)



3. “Senk verite yo nan pla men w”

Materyèl yo:

- Bib
- Ed vizyèl la nan yon men (sa opsyonèl; ou kapab aplike metòd sa pandan w'ap itilize pwòp men ou).

Etap:

Verite pou w montre yo se senk, kòmanse depi nan dwèt pous la pou rive nan orikilè a, epi itilize sipò bibliik sa:

- a. Lepous (“Mwen se pechè”). Modifye Women 6;23 konsa: “Nou tout fè peche, ni mwen menm ni ou menm. Peche a se sèl bagay ki pa fè Bondye plezi; pliske se dezobeyisans”.
- b. Lendèks (“Bondye renmen mwen”). Modifye Women 5;8 konsa: “Malgre ke nou se pechè, Bondye renmen nou epi li te voye Pitit li Jezi ki se Kris la pou sove nou anba peche”.
- c. Lemajè (“Kris te mouri pou mwen”). Modifye Women 5;8 konsa: “Jezi ki se Kris la te sove nou anba peche; paske lè ke li te vini nan mond sa, li te kloure sou kwa a pou ou epi pou mwen tou”.
- d. Lanilè (“Mwen dwe kwè nan Li”). Modifye Women 3:23, 24 nan fason sa: “Si w mete konfyans ou nan Jezi ki se Kris la, Pitit Bondye a, epi ou kwè ke Li kapab sove w anba peche w yo; ebyen w’ap kapab vin zanmi li epi ale nan syèl avèk Bondye. Sa se yon bagay ki gratis, ou sèlman bezwen kwè”. Nan moman sa, ou kapab mande ti moun nan si l mete konfyans li nan Jezi, epi si l deside mande l padon. Si repons li an se wi, kondwi li nan lapriyè; epi si repons li a se non, pa doute ni dekouraje. Sonje ke travay transfòmasyon an se nan men Bondye ke li ye; epi nou menm nou se enstriman yo.
- e. Lorikilè (“Mwen sove”). Modifye Women 6:23 konsa: “Kounye a, ou sove anba lanmò peche; epi kado ke Bondye ban nou nan Jezi ki se Kris la se yon lavi ki pap janm fini an avèk Li” epi anplis de sa, l’ap ansanm avèk nou pou toutan.



(Fè ti moun nan kòmanse lesan nimewo 1, nan Zanmi Jezi yo pi vit ke posib.)



4. “Liv san mo yo”

Paj ki an koulè jòn la	
Vèsè biblik	Jan 3:16
Konsèp	Bondye renmen nou epi li gen yon plas pou nou.
Kisa ki anseye nan paj sa?	<ul style="list-style-type: none"> • Bondye se Kreyatè a • Li renmen nou tout • Bondye pwomèt yon plas nan syèl la pou tout moun sa yo ki renmen li. • Seyè a apa.
Kijan nou eksplike ti moun yo verite sa yo?	Eksplike ke se Bondye ki fè tout bagay: plant yo, animal yo, rivyè ak tout moun ki egziste. Bondye renmen nou anpil; epi l’ap prepare yon plas pou pitit li yo nan syèl la. Li sen, Li san tach; epi se konsa lakay li ye tou.
Fraz inyon yo	Men genyen yon bagay ki pap kapab antre nan syèl la: peche a.

Paj ki an koulè Gri a	
Vèsè biblik	Women 3:23
Konsèp	Peche a
Kisa ki anseye nan paj sa?	<ul style="list-style-type: none"> • Konsèp peche (move aksyon) • Separasyon ak Bondye kòm yon konsekans peche
Kijan nou eksplike ti moun yo verite sa yo?	Peche se nenpòt aksyon ki pa fè Bondye plezi; sa vle di, yon move reyalite. Egzanp: bay manti, vòlò, dezobeyi paran yo, ensilye, elatriye. Nou te fèt ak dezi pou fè sa ki mal. Bib la di ke nou ta dwe pini pou peche nou yo. Sa a se pinisyon ke yo te separe de Bondye pou tout tan (mande ti moun nan si li oswa li admèt ke yo te yon pechè).
Fraz inyon yo	Men, Bondye gen yon bèl plan mèveye pou ke ou menm ak mwen pa resevwa pinisyon pou peche nou yo.



Paj ki an koulè wouj la	
Vèsè biblik	1 Korentyen 15:3-4
Konsèp	Moun nan avèk travay Jezi ki se Kris la
Kisa ki anseye nan paj sa?	<ul style="list-style-type: none"> • Jezi se Pitit Bondye a. • Li te pran pinisyon nou yo. • Jezi te bay lavi li pou nou. • Li te mouri; epi aprè sa, Li te leve byen vivan.
Kijan nou eksplike ti moun yo verite sa yo?	Kris, Pitit Bondye a pat janm fè anyen ki mal. Volontèman, li te deside pran pinisyon an nan plas ou sou kwa a. Bondye te mete fado nou yo sou Li. Kris la te bay lavi li pou nou; men li pat rete mouri, men li te tounen viv ankò (resisite).
Fraz inyon yo	Gras ak sa ke Kris la te fè pou nou an, nou kapab resevwa padon.

Paj ki an koulè blan an	
Vèsè biblik	Jan 1:12, Ebre 13:5b, 1 Jan 1:9
Konsèp	Moun nan avèk travay Jezi ki se Kris la
Kisa ki anseye nan paj sa?	<ul style="list-style-type: none"> • Envitasyon pou aksepte Jezi ki se Kris la antan ke Sovè. • Sekirite Sali a • Konfesyon peche
Kijan nou eksplike ti moun yo verite sa yo?	Li epi eksplike Jan 1 :12. Fè revizyon pandan w'ap poze kesyon yo. Kondwi ti moun nan pou ke li priye pou l aksepte Kris antan ke Sovè li ; epi ba li asirans ke li vin pitit Bondye, epi Bondye pap janm kite li. Ba li eksplikasyon sou konfesyon peche a.
Fraz inyon yo	Pliske kounye a nou se pitit Bondye, Li vle pou nou konnen li pi byen toujou.

Paj ki an koulè vèt la	
Vèsè biblik	1 Tesalonisyon 15:3-4
Konsèp	Kwasans
Kisa ki anseye nan paj sa?	<p>Ti moun nan kapab pi byen konnen Bondye atravè bagay sa yo:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Lapriyè 2. Lekti biblik la 3. Toujou patisipe nan sèvis k'ap fèt nan legliz yo (kilt yo) 4. Temwaye devan lòt moun.
Kijan nou eksplike ti moun yo verite sa yo?	Koulè vèt la fè nou sonje kwasans èt vivan yo, tankou plant yo. Eksplike ti moun nan ke kounye a pliske li kwè nan Kris la, li dwe grandi nan Li. Pou ke sa kapab vin posib, li nesèsè pou ke li priye, li Bib la, ale legliz, epi pale avèk lòt moun osijè de lanmou Bondye. Pou mete fen, priye pou ti moun nan, ba li dokiman ki pou kretyen (feyè evanjelistik, istwa misyonè, etc.). Si li pa genyen yon Bib, ou dwe planifye avèk ti moun nan pou ke li vin genyen youn. Pou fini, pran tout enfòmasyon pèsònèl li yo: non ak senyati li, adrès, nimewo telefòn ak laj li).
Fraz inyon yo	Avèk yon bèl souri sou lèv ou, fè ti moun nan konpliman pou bèl desizyon sa ke li rive pran.

5. “Plan Sali a”

Admèt ke w te fè peche (fè bagay ki mal, dezobeyi Bondye).

Di Bondye sa ou te fè a, tounen vin jwenn Bondye epi ou dwe dispoze kite fimen.

Women 3:23—“Paske tout moun te fè peche e yo te vire do bay Bondye ki gen tout pouvwa a.”

1 Jan 1:9—“Si nou konfese peche nou yo, Li fidèl epi li jis padonnen nou, epi netwaye nou anba tout enjistis.”

Chèche Bondye, epi kwè ke li renmen w' epi te voye Pitit li, Jezi, pou sove w' anba peche ou yo.

Mande epi resevwa padon ke Bondye ap ofri ou.

Renmen Bondye epi swiv Jezi ki se Kris la.

Jan 3:16 - “Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an.”

Konfese Jezi kòm sovè ou.

Rakonte lot yo sa ke Bondye te fe pou ou.

Renmen Bondye epi swiv Jezi.

Jan 1:12 - “ Men, sa ki te resevwa l' yo, sa ki te kwè nan li yo, li ba yo pouvwa tounen pitit Bondye ”.

Women 10:13 - “ Nenpòt moun ki rele non Mèt la gen pou jwenn delivrans.”

D. Resous ak/oubyen estrateji pou evanjelizasyon masiv

Evanjelizasyon masiv la se sa ki dirije vè yon gwoup ti moun ki kapab genyen laj diferan. Pou ke levanjil sa kapab efikas, ou dwe konsidere prensip ak dinamik sa yo; menm jan avèk twa aspè enpòtan: preparasyon davans, reyalizasyon aktivite evanjelik avèk atansyon nouvo konvèti yo.

Pami tout evènman estratejik pou fowl moun yo, nou jwenn bagay sa yo:

- ***Pwojeksyon fim Jezi a.*** Aktivite evanjelik sa popilè anpil. Li genyen pwojeksyon klasik fim Jezi a; men nan vèsyon pou ti moun yo (titre: “Lavi Jezi pou ti moun”). Pwojeksyon an dwe fèt yon kote ki gen piblik byen laj kote ke fim nan kapab prezante nan yon gwo tablo, de preferans pou tout ti moun k’ap asiste yo. Kantite tan ke fim sa dwe dire se inèd tan ak kèk minit anplis.
- ***Kanpay evanjelizasyon pou ti moun.*** Kalite aktivite evanjelik sa popilè anpil tou. Li gen pou wè avèk prezantasyon mesaj levanjil Sali a bay yon bon kantite gwoup ti moun. Pwogram nan konsidere kantik, pyès teyat, prezantasyon espesyal yo ak ekspozisyon levanjil pa mwayen lizay maryonèt, siy, payas, predikasyon, etc. Kalite evènman sa genyen yon lèm tankou: “Tout pou Kris”; epi li dwe fèt yon kote ki laj ak piblik (teren, estad, etc.).
- ***Orè kè kontan.*** Evènman evanjelik sa te toujou konn itilize depi nan tan lontan nan anpil peyi sou latè pou prezante levanjil bay gwo fowl ti moun. Pwogram nan kòmanse avèk yon dinamik krazeglas ; li kontinye avèk yon pyès teyat, jwèt rapid selon laj yo, ekspozisyon mesaj evanjelik atravè yon klas; epi li fini ak yon ti manje oubyen kolasyon. Aktivite sa se yon bon opsyon evanjelik pou kòmanse travay avèk ti moun ki abite nan “teren blan yo” (zòn kote ki pa genyen yon legliz ni resevwa okenn predikasyon levanjil). Kantite

tan evènman sa dwe dire se inèd tan, jan ke non l endike l la; epi nou rekòmande pou l fèt nan yon anbyans ki fèmèn ak pwòp (garaj yon kay, gran salòn, lokal kominal, etc.).

- **Show evanjestik enfantil.** Aktivite sa genyen anpil eleman ki gen pou wè avèk kanpay evanjestik la ak orè kè kontan an. Li dwe fèt yon kote ki piblik epi laj ; epi li vize yon bon gwoup ti moun. Pwogram sa genyen anpil louwanj, pyès teyat, konkou ak ekspozisyon Pawòl Bondye a. Li kapab genyen kèk prezantasyon espesyal tou, ak distribisyon yon kolasyon oubyen yon ti brase bouch nan fen aktivite a. Sa ki fè diferans ak show evanjestik enfantil la ak lòt estrateji ki site yo se sa ki selebre pandan n'ap pwofite kèk dat espesyal tankou Nowèl, Jounen Ti moun yo, etc., lè ti moun yo santi yo nan lajwa. Yon fason pou ke nou pwofite yon dat espesyal pou pwofite preche levanjil la bay ti moun yo.

E. Konsiderasyon pou yon evènman evanjelizasyon an foul

Men kèk rekòmandasyon pou rive fè siksè nan yon kanpay evanjestik ki vize ti moun piti yo:

1. Mete disponib yon kantite de sis moun (tou depann de kantite ti moun ke nou prevwa k'ap prezan) ki genyen kapasite pou travay avèk ti moun yo.
2. Mete ti moun ki toujou patisipe nan aktivite yo nan kanpay evanjelizasyon an pou ke yo kapab priye pou lòt ti moun yo epi envite yo nan aktivite a. Mande gran moun yo, paran ak jèn manm legliz yo pou ke yo antre tèt yo epi patisipe tou. Pou sa fèt, ou kapab distribye kèk papyè kote ke ti moun yo kapab ekri, avèk sipò paran yo, non ti moun yo, zanmi lekòl yo, manm familial yo; epi anplis, priye epi kapab envite yo.
3. Chwazi yon kote pou w reyalize aktivite evanjestik la. Sa kapab lakou oubyen garaj yon kay, yon pak, yon plas piblik, yon teren, etc.

4. Byen planifye, òganize ak prepare tout pwogram aktivite evanjelistik la depi davans.
5. Fè yon pwomosyon piblisite ki byen efikas. Pou sa rive fèt, ou kapab itilize plizyè bwochi (pou distribye bay chak kay, nan lekòl ki nan zòn nan), nòt (pou w plase nan biznis yo), etc. Ou kapab fè yon pwomnad tou nan lari avèk manm ekip travay ou yo, frè legliz ou yo, ti moun legliz yo, kote reyalizasyon aktivite sa dwe anonse.
6. Genyen depi davans yon fwaye disponib pou kòmanse yon selil; epi konsa w'ap kapab kòmanse fòmasyon disip ti moun ki fenk konvèti yo.

F. Preparasyon ekip de travay ministè ti moun yo

Avan nenpòt aktivite evanjelistik an fowl, li nesèsè pou ke ministè ti moun yo deja sou travay, adedan kòm deyò legliz lokal la. Evènman evanjelistik la pa ni kòmansman, ni fen ministè sa; men pito se yon pati entegral ladan li, menm jan avèk rès aktivike ki pral planifye yo.

Yon aspè ki byen enpòtan ke nou pa dwe neglije se planifikasyon, òganizasyon ak devlopman aktivite ki pwograme a. Pou byen fè sa, nou ofri w rekòmandasyon sa yo:

1. Reyini ekip de travay la depi davans; yon fason pou w fòme ak prepare li. Sa mande plizyè jou, semèn e menm plizyè mwa envèsyon tan.
2. Toujou priye pou manm ekip yo; priye tou pou nesèsite ak vizyon ke ministè ti moun legliz lokal yo pwopoze.
3. Analize kalite aktivite ki pral reyalize a: yon kanpay evanjelistik, pwojeksyon fim “Lavi Jezi pou ti moun yo”, orè kè kontan, etc.
4. Deside tèm evènman evanjelistik la.

5. Chwazi jou a, kote ak kantite tan evènman evanjelistik la kapab dire lè nou konsidere preparasyon yo (aranjman lokal la, plasman chèz oubyen ban pou manm ekip de travay yo, preparasyon kolasyon, plasman sipòtè yo, etc.); epi pwogram nan (pa dwe dire plis pase tan ki te deja pwograme a, epi li dwe dinamik ak patisipatif).

G. Modèl yon pwogram pou evènman evanjelistik enfantil la

Reyalizasyon yon evènman evanjelistik ki vize ti moun yo dwe obsève twa pati ki byen defini:

1. Kòmansè. Sa a konsène sa ki pral fè anvan nan konmansman pwogram evanjelizasyon an. Anjeneral li kòmansè 30 minit anvan kòmansman evènman an. Li enplike: anrejistreman oswa mizik live pandan ti moun yo ap rive a; gid yo dwe kanpe nan pòt yo pou ede ti moun yo konnen ki kote yo prale; anpil lòt bagay ki pou fèt pou mete anbyans la anvan aktivite a kòmansè, elatriye.
2. Devlopman. Se egzekisyon pwogram evanjelistik la nòmalman. Li genyen ladan li tout sa ki te planifye kòm kò pwogram aktivite a. Konsidere ke si w'a gen pou w fè pwojeksyon yon fim, ou dwe byen ajiste dire tan an.
3. Konklizyon. Se fen evènman an. Nan entèval tan sa, n'ap kapab fè distribisyon kolasyon oubyen ti brase bouch la pou ti moun k'ap asiste yo, ou kapab envite yo tou); se menm jan ke envitasyon pou ti moun yo vin patisipe nan selil ti moun yo pral trè serye, ak anpil lòt bagay ankò. Nou rekòmande 30 minit pou egzekisyon pati sa.

Yon fason pou nou kapab pi byen swiv modèl twa pati ki ekspoze yo, nou prezante yon tablo demonstrasyon pi ba.

<p>PLIZYÈ PATI NAN EVÈNMAN EVANJELISTIK</p>	<p>DETAY AKTIVITE YO</p>
<p>Entwodiksyon (30 minit anviwon)</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Pwomosyon pou aktivite a, ak anons evènman an. • Reyalizasyon yon jwèt oubyen dinamik pou tout ti moun yo ki rive kèk minit avan aktivite a. Nou rekòmande pou nou etabli relasyon avèk paran ti moun k'ap asiste yo
<p>Devlopman (60 minit anviwon)</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Byen vini • Pyès teyat • Ansèyman mesaj evanjelistik atravè siy, payas, teyat pou maryonèt yo, imaj, etc. • Envitasyon senp epi klè pou resevwa Kris kòm Sovè e Seyè. Yon fason pou konsève lòd ak konsiderasyon tan, nou dwe mande ti moun ki deside aksepte Jezi pou yo sèlman leve kanpe oubyen pou yo leve men yo kote yo ye a. • Lapriyè an plizyè ti gwoup avèk ti moun ki te pran desizyon pou aksepte Kris yo. Pran tout enfòmasyon ki konsène ti moun sa yo ki konvèti nan Kris la. • Louwanj • Lapriyè
<p>Konklizyon (30 minit anviwon)</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Kolasyon • Envitasyon pou reyinyon selil fòmasyon disip la • Orevwa

H. Plan pi Gran Frè a

Fòmasyon disip la, oubyen kontinite evanjelizasyon an, se yon engredyan esansyèl pou siksès yon aktivite evanjelistik pou ti moun. Se ekip de travay la ki pral priye pou ti moun yo avan evènman evanjelistik la, epi li pral vizite yo omewn de fwa avan reyalizasyon aktivite a. Pou egzekisyon plan sa, toujou mete ti moun legliz yo nan aktivite yo. Sa kapab rive ke genyen kèk nan yo ki pare pou vin pi gran frè a. Anplis de sipò ou, anpil fwa sa ap enpòtan anpil pou fòmasyon disip ti moun yo.

Après reyalizasyon aktivite a, ekip lidè ministè ti moun yo dwe vizite ti moun ki fenk konvèti yo chak semèn. Vizit sa yo pral genyen twa objektif: simante lanmou Bondye pandan n'ap kiltive amitye a ak kominikasyon avèk ti moun ki te aksepte Jezi Kris kòm Sovè yo; ankouraje yo pou yo asiste nan selil la oubyen legliz la; epi ankouraje yo rantr nan gwoup ti moun yo. Depi davans, sonje ke ou dwe obsève plas kote pou aktivite reyinyon fòmasyon disip yo ap reyalize a. Sa kapab yon sal, yon plas, yon sant kominotè oubyen minisipal, yon garaj, etc. Nou sèlman mande pou mennen ankèt epi/oubyen jwenn pèmasyon si sa nesesè; yon fwa pou evite enkonvenyan nan mwayen si sa posib.

05

Aprè evanjelizasyon an: fòmasyon disip pou ti moun yo

Avan ke Seyè nou an Jezi ki se Kris la te monte nan syèl la, li te di konsa: “Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a. Moutre yo pou yo obsève tou sa mwen te ban nou lòd fè. Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa. Amèn” (Matye 28:19-20). Misyon pou ale fè disip yo gen pou wè avèk tout gwoup nèt: ti moun yo, adolesan yo, jèn yo, etc. An konsekans, nou dwe fè disip nan mitan ti moun yo.

A. Aprè konvèsyon an

Ti moun ki aksepte Jezi ki se Kris la kòm Sovè pèsonèl yo bezwen direksyon ak konsèy kreyen ki gen plis matirite yo byen vit. Ti moun sa yo ki pa resevwa akonpayman aprè yon tèl gran desizyon konn elwaye yo de angajman enpòtan sa ke yo te pran an. Poutèt sa, li enpòtan pou ekip travay ministè ti moun legliz lokal la founi aspè konplemantè ak evanjelizasyon kontinyèl enfantil.

Fòmasyon disip enfantil se yon pati nan ministè ti moun. Epi sa ap rive akonpli pandan w’ap elabore yon kalandriye ki planifye, òganize ak prepare avèk yon seri aktivite ki varye, enteresan ak pratik. Se konsa, li nesèsè pou nou konsidere plizyè aspè; yon fason ke fòmasyon disip ti moun ki fenk konvèti yo, aprè yon evènman evanjelistik, li kapab bay fwi li yo. Answit, nou pral site konsiderasyon sa yo.

An rezon de sa ki pase anlè a, nou pral mansyone rekòmandasyon sa yo:

1. Bay pastè a rapò osijè de nouvo konvèti yo. Li posib pou ke li vle pale avèk ti moun yo pou afime desizyon l li; epi reponn nenpòt kesyon ke yo poze li. Pou sa fèt, remèt pastè a yon lis ki genyen enfòmasyon pèsònèl ti moun ki fenk konvèti yo; epi envite li ke selon disponiblite tan li, akonpanye pi gran frè yo oubyen monitè yo lè yo pral fè premye vizit lakay ti moun ki fenk konvèti yo.
2. Si sa posib, kòmanse pwosesis la pandan w'ap akonpanye ti moun yo lè y'ap fè paran yo konnen desizyon yo pou Kris la. Patikilyèman se pou ti moun sa yo ki sòti nan fwaye ki pa kretyen yo. Pèmèt ke paran yo poze w kesyon. Genyen kèk ladan yo ki ta kapab panse ke pitit yo a ta reyini kòm manm nan yon legliz. Asire yo ke relasyon yo avèk legliz la pa chanje; men pito se relasyon yo avèk Bondye ki vin diferan. Itilize opòtinite sa pou w bay paran yo kèk literati kretyèn ki eksplike siyifikasyon lavi ki pap janm fini an.
3. Nan premye reyinyon fòmasyon disip yo, afime desizyon ti moun nan. Pa fwa, yo konn gen difikilte pou yo rekonèt ke yo sove, espesyalman nan ka sa yo:
 - Lè yo t'ap rete tann yon repons emosyonèl, men yo pa eksperimante li.
 - Lè yo t'ap rete tann chanjman dramatik nan konpòtman chak jou li, epi yo pa fè remak yo.
 - Jan ke yo te panse fason kretyen dwe ye a avèk emosyon pou “santi yo sove” oubyen toujou nan lajwa.
 - Lè yo resevwa anpil kritik bò kote gran moun yo akòz de move konpòtman yo pou laj yo genyen an.

4. Pran angajman pou w kontribye nan kwasans espiritiyèl ti moun ki fenk kwè yo. Ede yo nan bagay sa yo:
- Konprann sa ki te pase nan moman konvèsyon an.
 - Apresye benediksyon ak resous ki disponib pou kretyen yo.
 - Abòde dout yo, krent ak tantasyon ke y'ap gen pou fè fas pi devan yo.
 - Devlope yon relasyon ki plis pwòch avèk Bondye.
 - Viv lavi kretyèn nan.
 - Byen konsidere akonpayman lòt ti moun ki kretyen yo nan legliz la.

B. Konsèvasyon rezilta yo

Nenpòt ki estrateji evanjelistik mande pou genyen yon ministè ki la pou konsève fwi yo epi/oubyen fòmasyon dispip. Sove ti moun yo pou Kris la se sèlman kòmansman ministè ti moun yo nan legliz lokal la; pliske konpleman ministè sa se yon pwogram fòmasyon dispip ki pa genyen yon dat definitiv pou l fini.

Menm si se vre ke ti moun ki fenk konvèti yo egzalte nan yon pozisyon kote yo vin pitit fi ak pitit gason Bondye, avèk tout dwa ak privilèj ke sa mennen, nou pa dwe mete nan tèt nou ke yo deja genyen gwo matirite nan lavi kretyèn yo. Nan eksperyans reyèl la, ti moun ki fenk konvèti yo se bebe yo ye nan Kris la, epi yo dwe grandi nan gras la jouskaske yo rive atenn yon matirite granmoun nan domèn espiritiyèl; menm jan ak moun ki konvèti pandan yo tou gran moun nan.

Analojikman ak nesans fizik yon bebe, lè ti moun yo fenk pran nesans, yo ta dwe resevwa bèl lanmou ak swen, menm ak yon konpreyansyon pasyan. Yo dwe byen alimante tou avèk bon Pawòl Bondye kòm lèt (verite bibliik ki senp yo) jouskaske yo kapab pran yon manje ki plis solid. Lidè ministè ti moun ki nan legliz lokal yo, ak tout manm yo, yo tout dwe nouri nouvo kwayan sa yo, epi ankouraje yo avèk anpil pasyans.

Pa chèche ni rete tan pou ke menm kote a ti nouvo kwayan an genyen yon lavi ki san peche konplètman. Li posib pou ke li kontinye ap dezobeyi; fache oubyen egoyis; epi san dout, l'ap fè li! Verite a se ke, menm si vrèman yo fin sove, jouskaprezan yo anba dominasyon nati avan an. Se toujou menm prensip yo ki aplike pou ti moun ak gran moun kretyen yo lè y'ap abòde peche a; pliske nan tou de ka yo, nou dwe ede yo pote peche yo komèt la devan Seyè a atravè yon konfesyon byen sensè (1 Jan 1:9). Nan fason sa a, nouvo kwayan yo pral eksperimante padon ak netwayaj ki sòti nan Bondye.

Enstwi yo pou ke yo itilize mwayen lagras la toutan, menm jan avèk etid bibliik yo, lapriyè, asistans legliz, etc. Paralèlman ak sa, travay enstriksyon ti moun yo, temwayaj, ankourajman ak defi. Nan yon tan ki pa twò long, pral genyen anpil siyal satisfaksyon prezans Seyè a nan lavi ti moun yo.

Prensipalman, ou dwe toujou priye pou moun sa yo ke w'ap bay fòmasyon disip. Pa genyen anyen k'ap kapab pran plas lapriyè entèsesyon pou nouvo disip yo. Toujou sonje ke antan ke pi gran frè oubyen monitè, w'ap vin tounen papa oubyen manman espiritiyèl nouvo kwayan yo. Etidye fòmasyon disip ke apot Pòl te bay Timote nan Bib la, epi swiv egzanp apot sa, pliske w te resevwa apèl pou w kapab epate lavi nouvo disip Kris yo.

Pa inyore valè ti moun yo. Konvèsyon yon gran moun pa plis enpòtan pase konvèsyon yon ti moun. Tandans ki genyen nan anpil kongregasyon sa panse ke yo se sèlman yon ti moun. Sali yo se yon bagay ki vrèman mèvèye; se poutèt sa, se sèlman kòmansman an. Lavi kretyèn nan kòmanse la, epi li kòmanse ap grandi plis e plis toujou. Tèlman genyen anpil bagay pou moun kontinye aprann jouskaprezan, pou eksperimante ak fè. Ala bon Bondye nou an bon dèske li mete sa konsa! W'ap wè ke genyen bagay tou nèf k'ap pwodwi etap pa etap nan lavi nouvo kwayan an.

C. Ansèyman debaz pou entwodiksyon fòmasyon disip pou ti moun ki fenk konvèti yo

Nou dwe ti moun yo nan konesans ak kwasans yo antan ke disip Seyè Jezi ki se Kris la. Pou sa, nou rekòmande ansèyman tèm sa yo: Bondye, Kris, Bib la, tanp lan, kominote kretyèn nan ak konesans sou reyalite lòt ti moun ki nan lòt peyi yo. Nan konsèp jeneral sa yo, nou dwe sèlman anseye aspè ke ti moun yo kapab konprann nan fonksyon laj yo prensipalman. Lis k'ap prezante pi ba a va bay yon ide, ide sa ke ti moun kwayan kapab konprann an relasyon ak ansèyman bibliik la.

<p>BONDYE</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Se Papa nou ki nan syèl la, epi li renmen nou. • Se Kreyatè tout bagay. • Se pwotektè ki pwoteje nou nan danje nou konn twouve nou. Li ban nou pwoteksyon sa a atravè paran nou yo ak anpil lòt moun ankò. • Se moun ki ban nou tout sa ke nou gen bezwen. • Se moun ki toujou ede nou lè nou nan tristès, lè li ban nou solisyon lè nou nan pwoblèm. • Dezobeyi Bondye se peche.
<p>KRIS</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Se Pitit Bondye a. • Te fèt epi grandi tankou yon ti moun; epi li te obeyisan devan paran li yo. • Te mouri pou peche tout moun (ti moun, jèn, gran moun, etc.). • Retounen al viv nan syèl ; epi kounye a li nan syèl. • Renmen tout ti moun, epi li se zanmi yo. • Prepare yon plas nan syèl la pou tout moun ki renmen li. • Genyen menm pwisans ke Bondye genyen an, pliske Jezi se Bondye.
<p>BIB LA</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Se Pawòl Bondye. • Di nou sa ke Seyè a vle nou fè. Nou dwe renmen li, respekte ak obeyi li. Istwa bibliik yo se verite, se pa kont yo ye.
<p>TANP LAN</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Se kay Bondye a; epi nou dwe renmen li, pwoteje ak respekte li. • Nou kapab envite lòt ti moun vini nan tanp lan. Nou aprann de Bondye lakay li a.

D. Rekòmandasyon pou reyalize fòmasyon disip pou ti moun yo

Sa yo se rekòmandasyon ke nou konseye w pou w konsidere. Yo pral ede w konsève fwi ke ou rekòlte yo aprè evènman evanjelistik ti moun yo.

1. Planifye avèk tout manm ekip ministè ti moun yo ki nan legliz lokal la, tout sa ki gen pou wè avèk fòmasyon disip pou nouvo konvèti yo: jou oubyen plizyè jou reyinyon nan selil la, plas rasanbleman yo, monitè yo, materyèl fòmasyon disip ki pou itilize a, aktivite pou reyalize yo, ak anpil lòt bagay ankò.
2. Devlope yon kalandriye aktivite byen pwograme andedan kòm deyò plas rasanbleman yo oubyen tanp lan, pandan w'ap konsidere ti moun yo kòm etan patisipan prensipal yo.
3. Reyalize plizyè reyinyon pa peryòd avèk tout lidè pou ti moun legliz lokal yo avèk objektif pou planifye, òganize, prepare ak evalye tout aktivite yo. Reyinyon chak semèn yo sèvi pou kòm sèvo travay ki pral fèt la: kontwole fonksyon yo, aktivite yo epi kowòdone tout bagay.
4. Fè tout aktivite pou ti moun yo enteresan, kreyativ epi byen planifye, e menm klas bibliik yo, kilt enfantil yo, etc.
5. Toujou konsidere swen ak atansyon ke w dwe ofri nouvo konvèti a, se menm bagay ke yon gadò ofri mouton li yo, oubyen sa ke yon manman poul ofri ti pousen li yo. Sa vle di ke li dwe satisfè tout nesite yo. Genyen kèk pami yo k'ap viv nan gwo kondisyon povrete, sa ki fè ke yo pa jwenn manje pou yo manje jan sa dwe fèt la, oubyen yo pa kapab asiste nan legliz la.
6. Ede chak nouvo kwayan an pou ke li genyen asirans ke kounye a li se pitit fi oubyen pitit gason Bondye, aprè desizyon pou aksepte Jezi ki se Kris la kòm Sovè ak Seyè.
7. Desine yon sistèm de lis nan reyinyon selil yo yon fason pou ke monitè yo kapab idantifye “mouton yo” ki absan nan nenpòt aktivite enfantil konsènan evènman evanjelistik la. Sa pral ede frè ki pi gran yo veye sou ti nouvo kwayan yo pi byen.

8. Oryante epi/oubyen anseye biblikman pou ke kwayan yo kapab venk “PDP yo” (peche, Danje ak pwoblèm).
9. Anseye nouvo disip yo pou ke yo mete yon tan apa chak jou pou devosyon pèsònèl yo. Mwayen lagras yo vrèman enpòtan. Sigijere yo posiblite pou w ba yo yon Bib (de preferans “Zanmi pou toujou” nan Sosyete Biblik Reyini yo), si ke paran yo pa kapab achte youn. Ti moun nan dwe aprann ke li gen nesosite pou l priye ak li Bib la chak jou. Si li poko kapab li jouskaprezan; ou kapab mande paran yo pou ke yo li l pou yo. Ou dwe ankouraje ti moun kwayan yo reyini toutan avèk lòt ti moun ki genyen menm lafwa avèk yo. Lekòl dominikal ak kilt enfantil yo se bagay ki bon nèt pou sa. Sa bèl pou wè kijan genyen anpil ti moun ki renmen Seyè a tou.
10. Fòmasyon disip la kapab genyen yon klas espesyal andedan orè lekòl dominikal la oubyen kilt la; men avan tout bagay, sonje ke travay sa prale pi lwen pase klas ki bay nan yon espas oubyen kote, pliske se transferans lavi. Se apati de la ke nou kapab wè gwo enpòtans yon atansyon ti moun yo nan lafwa, menm jan avèk yon bon swen de yon manman oubyen papa genyen pou pitit li yo.

E. Responsablite pi gran frè a oubyen monitè a

Yon fwa ke ti moun aksepte Kris la, nou dwe remèt li bay yon pi gran frè (kwayan ki genyen matirite) oubyen ministè ki angaje li pou priye chak jou pou ti moun nan, epi ede li nan kwasans li pou sanble avèk Kris la.

Konsidere ke moun sa yo ki plis gen bezwen pi gran frè yo nan lafwa se yon zanmi kretyen, yon moun ki enterese avèk yo; sa vle di, yon moun ki sensè k’ap konseye ak ede yo nan lavi esprityèl yo. Menm jan ke fondman konfyans lan se youn nan faktè ki kle yo. Priye Bondye pou ke sa kapab rive fèt fasil, epi grandi ti kras pa ti kras.

Pandan chak aktivite pa semèn yo, misyon prensipal la se konfime ak fòtifye lafwa ti moun yo nan Jezi ki se Kris la. Nan chak reyinyon, pi gran frè a dwe devlope zanmitay ak konfyans nan

ti moun nan, ede li nan nenpòt difikilte, reponn nenpòt kesyon, ankouraje yo fè devosyon pèsònèl yo chak jou, ankouraje yo asiste tout aktivite ministè ti moun yo, epi temwaye bay zanmi ak fanmi yo. Epi tou, sonje ke chak reyinyon ak/oubyen vizit dwe fini avèk yon lapriyè.

Pou fini, ou dwe itilize anpil afeksyon pou w salye moun tout kote w wè ti moun ki kretyen: nan mache, nan lari, etc. Ou dwe montre li ke amitye sa la pou toutan epi li san kondisyon, epi se pa sèlman nan moman selil la ke li egziste.

F. Konsèy sou jan nou dwe itilize fim “Lavi Jezi pou ti moun yo” nan ministè ti moun yo



Fim Jezi a se yon zouti ki kapab itil anpil si nou konnen fason pou nou byen itilize li. Nou fè yon ti pale osijè de resous sa lè nou touche pwen evanjelizasyon an foul la; men li nesèsè pou nou souliye ke zouti sa tou kapab itilize nan anpil lòt espas ki genyen fòmasyon espiyityèl ti moun yo. Se konsa, nan ministè ti moun yo, nou konte sou plizyè ministè diferan ak pwogram, kote ke fim nou sot site a kapab byen itil. Pa egzanp, nan Lekòl Biblik Vakans lan (LBV), nou kapab debat lavi Jezi pandan yon semèn. Nan menm orè etid biblik nan semèn yo, nou kapab itilize 15 minit fim pa jou pou ke nou mete fen ak jou vandredi yo. Nan Legliz Ti moun yo, nou kapab pale sou Lavi Jezi pandan ke n’ap pase 15 minit fim chak dimanch. Nan yon kan pou ti moun, nou kapab divize tan an epi pase yon bout nan fim nan chak sware nan plas yon mesaj predikasyon.

Nan klas lekòl dominikal yo, fim yo kapab pataje diran klas k’ap bay nan mwa desanm yo, oubyen nan mwa nou selebre rezireksyon Seyè nou an; oubyen nan tout ka, nan tan ke nou kwè ki pi bon an.

Chak aktivite sa yo kapab fini ak yon apèl pou konvèsyon; epi nan fason sa a aplike evanjelizasyon nan diferan ministè oubyen pwogram MEDFDI (Ministè Lekòl Dominikal ak Fòmasyon Disip).

BONIS

Plan lavi ki pap janm fini an

Pou ke nou mennen ti moun nan nan pye Kris la, li nesèsè pou ke nou byen eksplike ti moun nan pou l kapab byen konprann sa. Nou dwe itilize yon langaj ki apwopriye avèk laj yo. Pa egzanp, olye pou nou pale li de peche, nou dwe di li egzakteman ki sa sa vle di (manti, fè koken, vòlò, di move pawòl, etc.). Lè fini tou, nou dwe chwazi yon tan ki espesyal epi pa fè yon apèl nan chak klas. Pou rezon sa, nan dènye jou a, mesaj la kapab evanjelistik. Si nou genyen yon okazyon pèsònèl avèk ti fi oubyen ti gason an kote ke nou kapab reyalize li, nou pa dwe kite okazyon an pase. Kat pwèn ke nou dwe toujou sonje nan moman ke n'ap gide li al jwenn Kris yo se:

1. Mwen rekonèt ke mwen te fè anpil bagay ki mal ki pa fè Bondye plezi.
2. Mwen santi mwen mal sou yo e mwen vle sispann fè yo.
3. Mwen mande w padon Seyè epi aksepte mwen kòm pitit ou tanpri souple.
4. Mwen kwè ke ou padone mwen, mèsì anpil.

Pou w ede li nan pwosesis sa, ou kapab swiv modèl sa a.

1



2



3



“Ou ka jwenn lòt metòd nan seksyon Metòd Evanjelizasyon pou Evanjelizasyon pèsònèl la, kòmanse depi nan paj 29.”

Mwen mande w padon Seyè
epi akseptè mwen kòm piti
ou tanpri souple.

3



Mwen santi mwen mal sou
yo e mwen vle sispann fè yo.

2




4

Mwen kwè ke ou padone
mwen, mèsì anpil!



1

Mwen rekonèt ke mwen te
fè anpil bagay ki mal ki pa
fè Bondye plezi.



Enstriksyon yo:

1. Foto kopi fèy sa.
2. Rekoupe sou liy pwentiye a.
3. Double li an kat jan sa parèt nan paj ki anlè a.

EVANJELIZASYON pou ti moun yo

Nou pap janm kapab doute sou gwo travay evanjelis yo k'ap mennen moun vin jwenn Jezi ki se Kris la. E poutan, li bon pou nou souliye ke te deja genyen yon seri de aksyon de pi avan evènman evanjelistik la ki te déjà kòmanse prepare chemen an, tankou lapriyè demann yo devan Bondye pou yon moun, yon envitasyon, yon konsèy, yon bon temwayaj, etc. Fòm apwòch sa yo te kòmanse itilize nan yon jenerasyon pou rive sou yon lòt, jouskaske li rive nan tan ke n'ap viv Jodi a, sa ki lakoz ke kretyen yo vin plis pwopaje toujou.

Nou kwè ke bèl travay evanjelizasyon an ap pote plis fwi toujou si nou mete aksan sou sa ki mansyone anlè yo, epi anlès de sa, antan ke legliz, n'ap travay pou ke nou rive atenn li. Manyèl Evanjelizasyon pou ti moun sa ofri kèk konsèy pou ede w nan gwo travay sa ki gen pou wè avèk ti moun yo.